



Fon pou Rebati Ayiti

Yon travay men nan men ant Gouvènman peyi D Ayiti ak Kominote Entènasyonal la



BILTEN ENFÒMASYON TRIMESTRIYÈL FRH / No 7: OTÒN 2013



Kay ki bati ak dekonb ki resikle. Kafou-Fèy, Pòtoprens, 2012 – Koutwazi LONI

MEN SA POU NOU KENBE

- Komite Pilotaj FRH la te pran desizyon pou finanse pwojè pou yon valè 44.7 milyon USD nan sektè lenèji ak ledikasyon epitou pou apui bidjetè jeneral (p. 2)
- FRH te bay osnon rezève 21 milyon USD pou pwojè nan sektè lenèji (lenèji pwòp, rive jwenn kouran, transmisyon ak refòm enstitisyonèl) epi mobilize 23 lòt milyon USD pou finansman (pp. 3-4)
- Plis pase 10,000 fanmi te benefisyé kòb lwaye pou yo kapab tounen nan kominote kote yo t ap viv la ak Pwojè Bati Kay ak Katye yo (p. 5)
- Yo te kreye plis pase 18,000 djòb nan pwojè pou leve dekonb epi resikle yo. Pwojè sa yo te jwenn finansman nan men FRH (p.5)
- Yo te dekese 171 milyon USD pou pwojè FRH te finanse yo sa ki reprezante 64% nan fon yo te apwouve yo pou pwojè yo (p. 6)

Nap swete nou byenvini nan setyèm nimewo biltén trimestryèl FRH la. Objektif nou se kenbe nou okouran sou kijan FRH ap pote kole nan pwosesis rebati Ayiti. Biltén sa a parèt twa fwa nan lane a epi li vin konplete rapò anyèl FRH la ki parèt lan mwa jiyè. Nou swete resevwa reyakson ak kòmantè nou.

KISA KI LAN BILTEN SA A

Gouvènans FRH	p.2
Fokis sou bayè yo: Lespay	p.2
Fokis sou Lenèji	p.3
Fokis sou Rezilta Pwojè yo	p.5
FRH an chif	p.6
Lafanmi FRH: Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn	p. 7

GOUVÈNANS FRH

Nan trimès sa a, Komite Pilotaj FRH la te pran twa gwo desizyon pou sa ki regade finansman, ki avni FRH epi evalyasyon Fon an. Desizyon sa yo te devlope epi diskite nan kouran mwa jiyè ak dawou, ansanm ak lòt desizyon ki pran nan onzyèm reyinyon Komite Pilotaj la ki te fèt nan dat 13 septanm 2013 nan biwo BID nan Pòtoprens.

Pandan reyinyon an, Komite Pilotaj la te pran desizyon pou finance pwojè nan sektè lenèji, ledikasyon ak apui bidjetè jeneral pou yon valè de 44.7 milyon USD. Men detay desizyon sila yo :

- 16 milyon USD pou remete sou pye 115 km liy transmisyon sòti Pelig rive Pòtoprens ki pral ede EDH pote kouran sou rezo santral idwoelektrik Pelig la rive jouk Pòtoprens, epi tou met kouran nan vil Mibalè ak Ench. Se BID ki pral Antite patnè pou aktivite sa a ak yon finansman ki sòti nan rezèv lajan FRH la (12.5 milyon USD) ansanm ak lòt lajan ki pat rezèv pou kichòy (3.5 milyon USD).
- 15 milyon USD pou yon pwogram kantin skolè Gouvènman an genyen nan lide pou bese sitiyasyon mal manje 75,000 timoun ki nan klas elemantè nan depatman Lwès, Sant, Sid ak Latibonit. Se Bank Mondyal k ap Antite patnè pou pwogram sa a ak yon finansman k ap sòti nan lajan ki rezèv pou apui bidjetè sible a yo pral voye sou pwogram sila a.
- 3.7 milyon USD kofinansman FRH la pou kore pwogram pou met an plas Plan Lédiakyon nan peyi D Ayiti ak refòm ledikasyon an ki lanse nan mwa dawou 2012. Se BID ki pral Antite patnè pou pwojè a ak yon finansman

k ap sòti nan fon ki rezèv pou sa.

10 milyon USD pou apui bidjetè jeneral la ki pral kofinanse yon operasyon devlòpman politik ki marye ak objektif Gouvènman an genyen pou bese lamizè sou yon tan ki long. Se Bank Mondyal ki ap Antite patnè pou pwojè sa a ak yon finansman ki sòti nan lajan yo mete an rezèv pou sa.

Epitou nan reyinyon an, Komite Pilotaj la te braselide sou kisa FRH ap tounen demen. Sekretarya a te prepare pou braselide a yon dokiman ki prezante twa ka posib: a) yon estrateji pou l fèmen kote FRH pa ta fonksyone ankò pase mwa jiyè 2014; b) yon opsyon pou l kontinye fonksyone nòmalman epi kontinye operasyon yo ak renouvèlman jefò pou mobilize lòt kontribisyon; epitou c) yon demach ak depans epi sèvis administratif ki redui men tou posibilité pou Fon an grandi pou l rive yon pi gwo platfòm finansman pou aktivite yo ki pa sèlman konsène rekonstriksyon. Komite Pilotaj te mete l dakò pou depi li konnen ki dizòn Gouvènman an sou kisa li deside an Konsèy Minis l ap fè ak FRH, Sekretarya ta gen pou l prepare yon pwopozisyon pou CP a ki ap yon konbinezon opsyon b ak c nan dokiman pou braselide a epi genyen yon nouvo pwopozisyon bidjè pou lane fiskal 2015 la.

Pou fini, Komite Pilotaj la te deside reyalize yon evalyasyon sou mwatye nan tan depi FRH te egziste epi te bay mwayen pou sa. Sou baz desizyon sa a, Sekretarya te lanse yon pwosesis apèl a pwopozisyon onivo entènasyonal pou anplwaye yon fim endependan pou fè revisyon an. Men lè li konsidere braselide ki te fèt sou avni Fon an, CP a te deside pito envesti nan yon revizyon final FRH la avan li fèmen olye pou yo fè yon revizyon nan mwatye chimen.

FOKIS SOU BAYÈ YO : LESPAY



Lespay ki se sisyèm pi gwo donatè FRH (memm jan ak Japon), te pote yon kontribisyon 30 milyon USD nan lane 2011, ladan li, jounen jodi, 20 milyon deja transfere. Lespay te fè konnen li ta pito 20 milyon USD ta sèvi pou apui bidjetè a. Pou koulye a, Komite Pilotaj FRH la te bay 35 milyon USD pou apui bidjetè a ak yon lòt operasyon an plis pou yon valè 13 milyon USD ki lan kouti.

An jeneral, Lespay se sisyèm pi gwo bayè pou rekonstriksyon an. Met sou sa li pote nan kesyon imanité,

Lespay te pwomèt 375.8 milyon USD pou rekonstriksyon an (326.9 milyon USD nan konferans Nouyòk la epi 48.9 milyon USD nan lòt finansman pou remete Ayiti sou pye) ladan valè sa a 325.8 milyon USD te dekese rive nan fen mwa mas 2013 (ak tout kontribisyon li bay FRH). Koperasyon Espayòl nan peyi D Ayiti ap travay nan sektè dlo ak asenisman, ledikasyon, gouvènans, devlòpman riral ak lamanjay, kenbe lanviwònnman an nan bon kondisyon, lakilti ak devlòpman.

FOKIS SOU ÈD POU KORE SEKTÈ LENÈJI A

I. Sitiyasyon an: makfabrik sektè enèji a an Ayiti.

Ayiti se peyi ki bay popilasyon li mwens kouran pase tout lòt peyi nan zòn Lamerik latin ak Karayib la. Sektè kouran elektrik nan peyi D Ayiti gen anpil feblès. Yo te kritike sektè sa a pandan anpil tan ak tout gwo pèt teknik ak komèsyal li fè. Men kouman sektè elektrik la ye: (i) plis pase 70% popilasyon an pa jwenn kouran (gen sèlman 12.5% ki jwenn, rive 25% si n ap konte ka konbèlann yo) ; (ii) kouran moun an Ayiti ap peye se youn ki pi chè sou latè ; (iii) nivo elektrifikasyon an ba anpil (34% onivo nasyonal) ; epitou (iv) sèvis kouran an pa bon, ni li pa an kantite pou satisfè moun yo. Kapasite total pwodiksyon konpayi elektrik, Elektrisite d'Ayiti (EDH), se apeprè 220 megawat (MW) (yo evalye demand kouran apeprè a 400 MW avan soukous la) ladan 80% sòti nan santral elektrik ki fonksyone ak dyezèl. Pou pwodui kouran an, gen estasyon idwoelektrik Pelig (38MW), 7 estasyon idwoelektrik pi piti (nan pwovens ak sa ki izole) ak 23 estasyon elektrik tèmal. Metwopòl Pòtoprens la resevwa apeprè 75% nan kapasite total 6 estasyon elektrik pwodui nan peyi D Ayiti.

Tranblemandtè 2010 la vin agrave eta enfrastrikti yo nan sektè a kote sa vin aklè enfrastrikti yo la lontan, epitou yo abize yo, maltrete yo, pa fè antretyen yo osnon yo pa fè lòt envestisman nan novo santral elektrik ak ekipman. Òganizasyon enstitisyonèl sektè lenèji a fè epi gaye pasipala, sektè a gen ladan Ministè Travo Biblik (MTPTC), biwo Elektrisite D Ayiti (EDH), Ministè Lekonomi ak Finans (MEF) ak novo Ministè Delege pou Sekirite Enèjetik la. Kle pou louvri pòt devlòpman sektè sa a chita sou yon gouvènans egzekitif, transparans ak responsabilite ki pou fèt aklè pou tout moun. Sa ki fè pa gen yon gouvènans ki chita sou biznis, gen pou wè sitou ak enfòmasyon sou lajan ak operasyon yo ki pa ni pibliye ni al jwenn tout moun menjan tou nesesite pou konsèy direksyon EDH la kenbe abitid fè reyinyon tanzantan. Konbèlann mete ak vòl kouran representante mwatyè nan pèt yo (total la rive prèske 60%). Pou rezoud pwoblèm nasyonal sa a epi pote yon alemye nan gagòt lajan k ap fèt nan sèvis publik sa a (se prèske 200 milyon USD fon publik yo oblige transfere chak lane pou fè EDH fonksyone), fòk gen yon volonte politik pi djanm pou bay Komite Direksyon EDH la ak Jestyonè yo plen pouwva ak otirite pou fè refòm andedan konpayi an, modènize enfrastrikti yo, fè edikasyon pèp la sou ki misyon komèsyal EDH genyen, mete an aplikasyon objektif bay bonjan randman yo epi koupe sèk ak pratik vòlè kouran yo.

II. Finansman FRH nan sektè enèji a

Finansman ak kofinansman FRH pou sektè enèji a rive 21 milyon USD nan mwa oktòb 2013. Valè total la se 44 milyon USD, ladanl gen lòt sous cofinansman pou pwojè sila yo.

ladan gen lòt sous kofinansman pou pwojè sa yo. Pwojè ki jwenn finansman yo gen ladan: 3 milyon USD pou chanjman nan enstitisyon an, modènizasyon sektè lenèji a ak devlòpman lenèji pwòp (ak Ministè Lekonomi ak Finans ansanm ak Biwo Premye Minis la) epitou 2 milyon USD pou bay Gouvènman ayisyen yon koperasyon teknik pou ede devlòpme yon matris dirab nan domèn lenèji ki pou fasilité moun jwenn kouran (kouran nan zòn riral yo) gras ak sous lenèji renouvlab (se BID ki se Antite Patnè a pou de operasyon sa yo). 5 milyon USD sa yo (3 milyon + 2 milyon) te sòti nan yon pwojè 14 milyon USD pou Rediksyon Risk Desas Natirèl (Antite Patnè a: BID). Sou lademand Gouvènman ayisyen an, yo te restrikture l, sòti kòm yon kofinansman pou rediksyon risk inondasyon vin nan jeson lanviwònman ak lenèji. 9 milyon USD te reyafekte pou pwoteksyon ak jeson Pak Nasyonal Makaya (ak Ministè Lanviwònman), yo pa konte yo nan finansman sektè lenèji a. Nan dat 13 septanm 2013, Komite Pilotaj FRH la te aksepte demand pou yo mete sou kote 16 milyon USD pou fè reparasyon liy transmisyon Pelig/Pòtoprens la.

III. Deskripsyon Pwojè yo

Chanjman enstitisyonèl ak Pwogram Modènizasyon Sektè Lenèji a (3 milyon USD)

Objektif jeneral pwojè sa a se bay Gouvènman ayisyen an yon bourad nan panse yon kad travay pou sektè lenèji a ki ta ede fè modènizasyon an epi devlope pi plis lenèji pou moun kapab achte l dekwa pou satisfè bezwen popilasyon an epi fasilité konpetitivite a. Operasyon yo pwopoze a se twazyèm tranch yon seri sibvansyon ki fèt nan respè politik yo (yo rele yo tou « apui bidjetè ») BID bay Gouvènman an dapre yon demach baze sou pwogram ki vize transfòme epi refòme sektè lenèji a. Sibvansyon sa a chita sou respè politik yo, l ap gen pou l bay mwayen ki pap remèt pou yon valè 15 milyon USD pou kore refòm byen defini, tankou prezantasyon "Lwa pou pini vòlè kouran" bay Palman an ak adopsyon estanda pou fè jeson EDH, nan lide pou fè pwomosyon transparans ak gouvènans ki chita sou biznis. Dekesman yo ta dwe fèt an 2013, depi kondisyon yo fin pase ak Gouvènman ayisyen an pou refòm, kondisyon sa yo reyini (jan sa presize nan matris politik yo fin dakò ak Gouvènman ayisyen an sou sa). Objektif patikilye sibvansyon sa a ap fèt dapre konfòmite l ak politik sila yo: (1) kore kapasite enstitisyonèl Gouvènman ayisyen an pou defini yon politik enèjetik epi fè planifikasyon ak kontwòl sektè enèji a; (2) Fè pi gwo konpayi an, EDH, tounen yon biznis ki djanm kit sou plan lajan kit nan operasyon l ap mennen yo.

Enèji dirab pou Ayiti (US\$2 milyon)

Objektif jeneral Koperasyon Teknik (CT) sa a se bay Gouvènman ayisyen an yon bourad nan devlòpman yon matris pou enèji dirab k ap fasilité moun jwenn kouran (elektrifikasyon riral) gras ak sous enèji renouvlab yo (ER) epi dispozisyon enèjetik ki pote bon rezulta (EE), yon fason pou Ayiti vin depann mwens sou konbistib fosil yo, sitou petwòl. CT sa a ap gen enpak sila yo: (i) ede pou vin gen yon alemye nan kantite moun k ap jwenn kouran (elektrifikasyon riral) sou baz rechèch fezabilite k ap fèt sou lenèji renouvlab epitou idantifikasiyon, preparasyon ak egzekisyon pwojè pilòt nan lide pou teste solisyon enèjetik, andeyò rezo epi sou plas, nan zòn riral ak nan vil yo; (ii) byen sèvi ak konbistib fosil yo pou pote bon rezulta ; (iii) ede kore devlòpman yon kad travay regilatè epi dirab pou plan dakson enèjetik yo, epi; (iv) batí kapasite ak ranfòsman enstitisyonèl pou Antite ki pi enpòtan yo nan sektè lenèji a.

Jan nou te di l avan sa, pwojè ap chèche jwenn yon mwayen pou byen sèvi ak konbistib fosil yo nan peyi D Ayiti nan devlope yon kombinezon dirab ak sous enèji yo epi bese depandans peyi a genyen pou konbistib fosil yo. Konsa, CT a pral prepare yon etid fezabilite sou itilizasyon gaz natirèl (GN) an Ayiti. Etid la pral bay Gouvènman ayisyen an bon jan enfòmasyon kap pèmèt yo konprann ki kantité GN konsa ki genyen nan peyi a epi kouman pou foure l nan matris lenèji a.

Pwojè sa a vin konplete lòt operasyon BID la nan sektè lenèji a, ladan gen modènizasyon sektè lenèji a epi bay Gouvènman ayisyen an yon ranfòsman enstitisyonèl, jan yo di l deja epitou tou fè reparasyon liy transmisyon Pelig/Pòtoprens la.



Pwojè ap gen kat zòn dentèvansyon: (1) lòt posiblite ak altènativ solè pou met kouran nan zòn riral yo epi sèvi tankou pwojè pilòt k ap gen pou utilize dènye ekipman teknologik nan kesyon enèji solè ak mikwo-rezo. Pwojè pilòt yo ap teste si mikwo-rezo solè a kapab aplike pou yon gwo plan elektrifikasyon riral tankou pou rezoud pwoblèm kouran majorite peyi a (80%) pa jwenn kòmsadwa. (2) Prepare yon modèl elektrifikasyon riral dirab nan sèvi ak yon Enèji Renouvlab osnon modèl konbine (konbinezon dyezèl/gaz lou ak sistèm k ap mache ak ER). (3) Biyomas dirab: pati sa a ap finanse rechèch sou lanviwònman an pou konnen ki posiblite ki genyen pou pwodui biyomas dirab nan peyi D Ayiti. Amelyore fou pou fè manje, chèche biyogaz pou konbistib dirab menmjan tou sèvi byen ak konbistib nou konnen deja yo pou kominate riral yo, tout sa kapab non sèlman pote yon alemye nan kalite lè fanmi yo ap respire epi fè yo viv plis an sante, men tou sa fè fanmi yo depanse mwens tan ak lajan nan al chèche oswa achte bwa pou dife oubyen chabon. Tankou yon pwojè pilòt, pati sa ap finanse itilizasyon Vetivè pou kenbe tè a, alemye nan teknik pou tè a bwè dlo a epi pwodiksyon biyomas dirab. Biyomas yo pwodui a y ap fè l tounen ti brik biyomas pou pwodui kouran. (4) Katriyèm pati sa a pral finanse rechèch fezabilite pou konnen kantite resous natirèl ta genyen pou monte ti santral idwo yo ki pa gwo nan kominate riral yo ki pa jwenn osnon manke jwenn kouran EDH la nan peyi D Ayiti.

Reparasyon liy transmisyon Pelig – Pòtoprens la

Santral idwoelektrik Pelig la gen 38 MW (l ap pase a 54 MW yon fwa yo fin repare l), li la depi 42 zan epi se youn nan pi gwo sous pwodiksyon kouran nan peyi a. An reyalite, santral elektrik yo ki nan zòn metropolitèn Pòtoprens nan pa kapab fonksyone oswa kenbe pwòp chaj pa yo san santral elektrik Pelig la.

BID, nan tèt kole ak KfW ansanm ak OFID, ap fè travay Reparasyon santral elektrik Pelig la (valè total pwojè a: plis pase 100 milyon USD). Reparasyon liy transmisyon Pelig/Pòtoprens la te prevwa tou okòmansman nan pwojè sa a, men yo retire l poutèt gen twòp depans. Konsa, pou reponn a demand Gouvènman an (EDH te soumèt li), ansanm ak preferans Etazini pou finanse lenèji a, Komite Pilotaj FRH la te met sou kote 16 milyon USD pandan reyinyon 13 septanm 2013 la pou pwojè sa a. Komite Pilotaj la pral apwouve transfè fon yo yon fwa yo fin soumèt dokiman final pwojè a. Pwojè ap gen pou l repare kab elektrik ak poto yo sòti Pelig rive Pòtoprens.

FOKIS SOU REZILTA PWOJÈ YO

Sou dizuit pwojè yo te apwouve yo, sèt pwojè fin konplete, dis ap egzekite. Yo te apwouve dizuityèm pwojè a sou plan lide pwojè a, men y ap tann yo prezante dokiman pwojè final l pou yo apwouve l. Pandan dènye reyinyon Komite Pilotaj la nan mwa septamm 2013 la, manm yo te apwouve 4 nouvo pwojè:

- Premye pwojè a se pou reparasyon 115 KV liy transmisyon sòti Pelig rive Pòtoprens pou EDH pote kouran an sòti nan santral idwoelektrik Pelig rive nan rezo Pòtoprens, an pasan nan vil Mibalè ak Ench.
- Pwojè kantin skolè pou bese nivo malnitrisyon 75,000 timoun nan nivo klas elemantè nan depatman Lwès, Sant, Sid ak Latibonit.
- Kofinansman FRH te fè pou pwojè "Kore egzekisyon Plan Ledikasyon ak Refòm an Ayiti", pou soutni pwojè sa a ki te kòmanse nan mwa dawou 2012 epi ki te jwenn finansman tou nan BID ak lòt patnè.
- Operasyon apui bidjetè jeneral la pou 10 milyon USD, ta dwe kore objektif Gouvènman an pou bese lamizè sou yon tan ki long.

Pwojè prevansyon tranblemandtè nan Nò

- Chak trimès yo òganize yon reyinyon Komite konsilitatif sou risk soukous yo nan chak depatman nan lide pou prezante ki pati egzekisyon pwojè GHI a fè nan 3 vil yo (Fò Libète, Kap Ayisyen ak Pòdpè)
- Omwen 5 profil sismik te fèt nan Kap Ayisyen ak Wanament.
- Yo te òganize yon kanpay sansibilizasyon pou jèn yo nan komin Pòdpè, Jan Rabèl ak Sen Lwi di Nò sou zafè soukous ak fason pou yo fè prevansyon l. Kanpay sa a te ede rive touche omwen 500 moun.
- Yo te fè fòmasyon pou 400 jèn nan Kap Ayisyen sou teknik animasyon ak fòmasyon de kay an kay nan tèt kole ak Komite Dyosezen pou Pwoteksyon Lavi.

16 Katye/6 Kan

- 236 mason jwenn fòmasyon ak sètifikasyon
- Yo te kreye 236 nouvo djòb
- 156 biznisman pran fòmasyon nan men ASECO
- Yo te òganize jounen refleksyon pou platfòm kominotè yo
- Òganizasyon yon tounwa foutbòl ant kominote Pwojè a

Pwojè Pwodiksyon ak transfòmasyon lèt

- Preparasyon plan biznis pou 3 lètri lan kouti
- Yo te achte materyèl pou lètri yo

- Yo te fin idantifye lekòl yo ki pral benefisyé pwogram pwodiksyon lèt la nan zòn ki sible yo.
- Yo kòmanse anplwaye moun nan sant transfòmasyon lèt yo epi yo bay yo yon pati nan fòmasyon a.
- Yo te konplete fòmasyon 300 elvè sou kijan ak teknik yo kapab bay pwodiksyon an yon alemye.

Pwojè Rebatì kay ak katye nan Pòtoprens

- 10,256 fanmi jwenn lajan pou peye lwave nan katye yo oswa pou kite kan yo
- 445 fanmi te jwenn yon bourad pou repare /rebatì katyo
- 245 kay te repare
- Yo te rebati 200 inite kay plizyè-fanmi

Pwojè Refòm Ledikasyon

- Yo te idantifye 87 sit pou bati lekòl
- Konstriksyon 19 lekòl te kòmanse
- Yon apèl dòd entènasyonal lan kouti pou bati lòt lekòl
- Distribisyon rès kit skolè lane lekòl 2012-2013 yo ap reprann nan kòmansman lane lekòl 2013-2014 la.

Bès Dezas Natirèl yo nan Sid

Pwojè sa a ki fenk restriktire ap vize kreye Pak Natirèl Makaya epi bese ewozyon k ap devlope rapid nan wo basen vèsan Sidwès yo nan peyi D Ayiti. Yo prevwa lap demare lan mwa dawou 2013.

Leve dekonb ak resiklaj:

Dekonb I

- Omwen 2,100 moun nan kominote yo ki te sibi anba tranblemandtè a, rive jwenn djòb nan pwojè reyabilitasyon katye yo.
- 24 ti biznis te kreye epi 600 moun pran fòmasyon pou jere biznis.
- Gwo machin lou yo ki te sèvi nan pwojè sa a disponib pou al sèvi ankò nan lòt pwojè.

Dekonb II

- Nan pwojè 16/6, 6 yo te kreye platfòm kominotè nan katye Jan-Batis, Bwa Patat, Mòn Ebo, Anwo Tijo, Vila Rosa ak Sent Mari.
- Yo te kreye 16,163 ti djòb ladan 6,106 fanm rive benefisyé.
- Fanmi pwojè a te anplwaye yo rekonèt gen yon alemye omwen 10% nan mwayen yo genyen pou viv.
- 25% moun pwojè a te anplwaye yo te resevwa yon sètifikasi fòmasyon.

Nan dat 30 septanm 2013, **19 bayè ki te pran angajman devan FRH epi te siyen akò pou yon total \$396 milyon USD**, ladan \$381 milyon USD te transfere bay Fidisye. Nan dat 30 septanm 2013, **total fon yo nan men Fidisye a te 108.9 milyon USD**, ladan 86.08 milyon USD rezèv finansye a, 1.47 milyon revni envestisman yo ak 15 milyon USD pou desizyon finansman ki ap tann transfè bay Antite patnè yo. Si nou soustrè rezèv finansye a, fon k ap tann transfè yo (15 milyon USD), fon yo met sou kote pou pwojè Pelig ak Ledikasyon yo (7.2 milyon USD), ap rete **fon disponib pou Komite Pilotaj la fè alokasyon pou yon total 0.62 milyon USD**. Gen 15 milyon USD kontribisyon yo toujou ap tann, 10 milyon USD nan men Lespay ak 5 milyon USD nan men Etazini.


Nan dènye trimès la, Komite Pilotaj la te gen yon reyinyon epi te apwouve :

(1) mete sou kote 3.5 milyon USD fon ki pa alwe pou fè reparasyon liy transmisyon Pelig/Pòtoprens; (2) met sou kote 3.7 milyon USD jouk yo resevwa dokiman pwojè final Pwojè Egzesyon Plan Leditasyon ak Refòm la. Mete sou sa, Fidisye a te transfere 10 milyon USD bay Bank Mondyal nan mwa septanm 2013 ki te rezèv pou apui bidjetè. Ositou, rezèv finansye a vin redui pou yon valè 13.7 milyon USD sa ki bay yon nouvo balans 86.08 milyon USD.

Sou 17 pwojè yo apwouve rive jounen jodia, gen sèt yo te fin dekesè nèt pou yo, nèf ki nan kouti ak youn k ap tann yo transfere lajan bay Antite Patnè a.


Dekesman total yo nan nivo pwojè yo monte 170.62 milyon USD, sa ki reprezante 64 pou san nan fon total yo te apwouve pou pwojè yo. Dekesman Antite Patnè yo fè nan pwojè yo monte 26.47 milyon USD an plis (18%) nan kouran twa dènye mwa yo.

Koman fon FRH yo itilize?



Komite Pilotaj FRH la, sou demand CIRH ak Gouvènman ayisyen an¹, te bay \$264.58 milyon USD sa vle di 69 pou san nan fon ki angaje pou 17 pwojè rekonstriksyon yo, ladan gen frè depans Antite Patnè yo.

Nan 264.58 milyon USD lajan ki al jwenn pwojè yo, **98% oswa 259.58 milyon USD te deja transfere apa bay chak Antite Patnè**. Nasyonzini se Antite Patnè pou dis pwojè sou disèt pwojè yo te apwouve yo (ladan sis dejà konplete), sa ki reprezante 49 pou san nan total fon alwe ki te transfere. Bank Mondyal ap sipèvize twa pwojè epi Bank Interamerikèn pou Devlòpman kat pwojè, sa ki reprezante pou chak apa 39 ak 16 pou san fon yo apwouve pou pwojè yo.



¹ CIRH te apwouve epi prezante demand yo rive jouk nan fen manda li nan lane 2011. An 2012, Gouvènman ayisyen an te apwouve nan Konsèy Minis yo epi fè lamand finansman bay Komite Pilotaj FRH la.

Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn gen anpil wòl enpòtan nan Fon pou Rebat Ayiti (FRH) :

- Premyèman, li reprezante Gouvènman peyi D Ayiti an nan Komite Pilotaj FRH la
- Dezyèman, se MPCE ki responsab fè evalyasyon chak pwopozisyon ki soumèt bay FRH pou yon finansman dekwa pou sèten pwopozisyon an valab teknikman, li konplè epi li tonbe daplon ak plan epi politik devlòpman ak rekonsrikasyon peyi D Ayiti.
- Twazyèman, MPCE gen responsabilite pou l transmèt bay Sekretarya FRH la tout demand pou sèvi ak fon FRH yo ki te jwenn apwobasyon nan men Konsèy Minis yo.
- Pou fini, Sekretarya FRH la men kote ak MPCE nan biwo li nan Pòtoprens pou sèten kolaborasyon men nan men an fèt total kapital.

Responsablite sa yo MPCE genyen nan wòl fasafas FRH la se Gouvènman ayisyen an ki te pwopoze yo epi yo jwenn konfirmasyon nan men Komite Pilotaj FRH la nan mwa jiyè 2012, apre fen manda Komisyon entèrimè pou Rebat Ayiti (CIRH) ki te premye fasafas FRH la. Nouvo pwosedi sa yo, yo te deja sèvi avè yo nan kouran dezyèm mwatye lane 2012 epi yo te bay bonjan rezulta.

Relasyon fòmel ant Sekretarya FRH la ak MPCE se Kabinè Minis la ki fè l. Dabitid, Direktè Jeneral la reprezante Minis la pandan reyinyon Komite Pilotaj FRH la. MCPE a met an plas yon Komite Revizyon ki gen pou fè kòdinasyon pwosesis revizyon pwopozisyon ki soumèt pou finansman FRH. Komite sa a gen ladan li Direksyon Envestisman Publik yo (DIP), Sekretarya Teknik Kòdinasyon la (STC), Direksyon Koperasyon Ekonomik ak Sosyal (DPES), Inite pou Rechèch ak Pwogramasyon (UEP) ak Direksyon pou Suivi ak Evalyasyon Pwogram (DSEP) nan Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn. Komite Revizyon an valide demand finansman yo epi transmèt rekòmandasyon li yo bay Minis Planifikasyon an.

Minis Planifikasyon apre li fin konsilte ak Ministè Lekonomi ak Finans, ap prezante rekòmandasyon yo bay Biwo Premye Minis la. Premye Minis la prezante demand finansman yo bay Konsèy Minis yo pou desizyon final la.

Pwosesis sa a pi long pase pa CIRH la men li ede fè yon suivi teknik sou demand finansman yo ak itilizasyon sistèm Gouvènman an menmjan tou sa ede verifye si demand yo mache nan men sans ak priyortite Gouvènman an.

MEN KÈK ENFÒMASYON SOU FRH

FRH se yon patenarya ant kominote entènasyonal la ak Gouvènman aysyen an pou finanse rekonstriksyon an apre tranblemandè a.

FRH mobilize, kodone epi bay kontribisyon bayè bilateral ak lòt pou finanse pwojè ak pwogram ki priorité, ansanm ak apui bidjetè. Men ki avantaj apwòch milti-bayè sa a pote :

- Vin gen pi plis amonizasyon lan met ansanm resous plizyè bayè pou ede priorite Gouvènman peyi D Ayiti an genyen pou rekonstriksyon an;
- Met aksan sou avantaj konparatif patnè lokal ak entènasyonal tout moun konnen nan aktivite yo ap mennen sou teren an;
- Bese depans tranzaksyon pou Gouvènman an ak bayè yo paske y ap travay ak yon sèl estrikti finansman;
- Evite aksyon k ap fè menm bagay la ak jefò yo mete pou fè yo ;
- Ede jwenn repons pou satisfè bezwen finansman estratejik nan pwosesis rekonstriksyon an jan Gouvènman peyi D Ayiti defini sa.

FRH se yon gwo sous finansman non pwogramme pou rekonstriksyon an.

Lan dat 30 septanm 2013, diznèf bayè te pran angajman pou bay Fon an 396 milyon dola ameriken. Lajan sa a pat pwogramme epi yo kapab sèvi avè l lan yon sans oubyen yon lòt pou reponn a bezwen estratejik pou rekonstriksyon an Gouvènman an genyen. 14% nan tout fon yo ki dekese pou rebati Ayiti pase nan men FRH.

Se Gouvènman peyi D'Ayiti ki ala tèt FRH e se li fikse priorite pou li.

Se Minis Finans lan ki prezide Komite Pilotaj FRH la. Tout aktivite rekonstriksyon FRH ap finanse yo dwe prezante douvan antite Gouvènman Aysiyen an chwazi kòm Fasafas FRH la, epi yo dwe jwenn apwobasyon l.

Se FRH ki ofri pi gwo finansman pou sektè priorité nan rebati Ayiti tankou sektè sila yo : kay, leve dekonb jesyon, risk dezas yo epi apui bidjetè.

FRH se yon mekanism efikaz ki pa koute anpil ki la pou finansman rekonstriksyon an.

Mwens pase 5% mwayen ki anganje yo sèvi pou kouvari depans administratif Sekretarya FRH la, Fidisye a ak Antite Patnè yo. FRH kapab apwouve san pèdi tan finansman pou ti pwojè yo rive jouk 1 milyon dola ameriken nan yon semèn, epi pou demand ki pi wo sa ap pran de semèn apre li fin resevwa demand Fasafas Gouvènman an nan FRH.

FRH se yon patnè ki la pou yon tan ki long pou rebati Ayiti.

FRH ap kontinye ede pwosesis la pou rebati Ayiti rive jouk mwa desanm 2017.

SEKRETARYA FRH

Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn

387, wout Boudon, Pòtoprens, Ayiti

Tel : (509) 3798-0817

www.haitireconstructionfund.org

Pou tout kòmantè nou sou pwojè FRH finanse yo, voye gratis yon mesaj tèks lan 3747

